



POMPTONIAN FOOD SERVICE

3 EDISON PLACE, FAIRFIELD, NJ 07004-3511 • 973-882-8070 • FAX: 973-882-6645
www.pomptonian.com

Pratik sou Alèji ak Manje

Pi gwo priyorite nou se asire sekirite ak byennèt elèv n ap desèvi yo. Antanke yon kwizin ki sansib ak alèji, nou pa konnen gen okenn manje ki prepare sou ekipman nou yo ki gen pistach/nannan bwa nan lis engredyan fabrikan an, sof nannan kokoye. Li enpòtan pou konnen, sandwich mamba ak sandwich jele oswa kolasyon ki tou nan pakè yo ka gen pistach/nannan bwa, selon preferans distri a. Nou ankouraje elèv ki gen alèji ak lòt manje yo, ki pa pistach/bwa, pou yo kòmande yo repa alavans.

Tanpri konnen ke anplwaye Pomptonian yo prepare e kwit divès kalite manje nan kwizin yo. Pou nou diminye sou risk pou gen kontak kwaze yo, nou prepare manje ki kòmande alavans yo pou elèv ki gen alèji nou dokimante apati engredyan ki pa gen ladan yo alèjèn yo konnen yo nan etikèt fabrikan an. Tanpri, asire w gen yon nòt yon Doktè nan Medsin bay nan dosye a nan biwo enfimyè a.

Anplwaye ki prepare manje pou elèv ki gen bezwen alimentantè espesyal yo resevwa yon fòmasyon kontini sou fason pou yo li etikèt manje yo, pwosedi sou kontak kwaze, ak sou alèji ak manje yo. Direktè Sèvis Alimantè yo ak Responsab Fonksyònman yo swiv fòmasyon chak mwa sou alèji avèk Direktè Sèvis Nitrisyon nou an, Toni Bowman, MBA, RDN, SNS. Epi tou, Responsab Fonksyònman, Direktè Sèvis Alimantè nou yo, ansanm ak Direktè Sèvis Nitrisyon nou an gen Sètifikasyon ServSafe nan domèn Alèji.

Paran/responsab legal yo, ranpli fòmilè kòmman meni pou alèji a chak mwa epi yo retounen l bay kafeterya a disi dat limit ki endike a. Pou elèv ki gen plizyè alèji ak manje yo, tanpri, ranpli [Meni Inik Kont Alèji ki Nesesè \(Unique Allergy-Aware Menu Needed\)](#) a pou mande yo elabore yon meni inik kont alèji pou yo kapab reponn ak bezwen alimentantè espesifik elèv ou a. Ou ka kontakte tou Direktè Sèvis Alimantè a si w ta gen nenpòt lòt kesyon. Pou asire konfòtablite w, ou ka depoze lajan sou kont manje midi pitit ou a oswa w ka fè peman avèk fòmilè kòmman lan. Y ap prepare manje pou alèji ki kòmande alavans yo epi y ap mete yo nan pakè apa epi y ap mete etikèt sou yo kòm sadwa. Tanpri, fè pitit ou a konnen pou l di travayè sèvis alimentantè a ke li gen yon manje ki kòmande alavans epi pitit ou a pral resevwa manje li a avèk non l ekri sou li. W ap jwenn meni kont alèji ki kòmande alavans lan isit la: <https://woodbridge.fdmealplanner.com/FOOD-ALLERGIES>

Pou jwenn plis enfòmasyon sou rezon ki fè nan meyè pratik pou jere alèji ak manje nou yo, ou dwe kòmande manje midi a alavans lan, tanpri, li "Pouki Kòmman Alavans lan?" (Why Pre-Order?". Si w bezwen plis asistans oswa w bezwen plis enfòmasyon sou atik ki nan meni yo, nou kapab mete w an kontak avèk Direktè Sèvis Nitrisyon nou an, Toni Bowman, MBA, RDN, SNS.

Nou pa ka tann pou n bay sèvis,